# लइकन खातिर बाइबिल प्रस्तुति
प्रस्तुतकर्ता



# कुँवा पर क एगो औरत

लेखक: Edward Hughes

ब्याख्याकर: Lazarus

अनुकूलित: Ruth Klassen

अनुवादक: सुरेश मसीह
Alastair Paterson

उत्पादित: Bible for Children
www.M1914.org

©2020 Bible for Children, Inc.
अनुज्ञापत्र: आप ए कहानीन क छाया प्रति मुद्रण करा सकीं ला बशर्ते की आप ओके बेचब ना।

यीशु अउर उनकर चेला सामरिया की देश से होके यात्रा करत रहलें। उ सूखार नाम की एगो शहर की करीब अइलें।



उहाँ एगो कुँवा रहल जहाँ सूखार के लोग पीये क पानी निकालत रहलन। याकूब, इस्राएलियन क पिता ए कुँवा के बहुत पहिले खोदववले रहलन।



दूपहर के शायद बहुत घाम अउर गर्मी रहल। लस्त थकल, यीशु कुँवा पर बइठ गोइलन। तब तक चेला लोग भोजन खरीदे खातिर सूखार नगर के चल गोइलें।




उहां यीशु बिल्कुल अकेले रहलन - लेकिन तनकी समय बाद सूखार नगर से एगो औरत पानी भरे खातिर आइल।
यीशु ओ से कहलें, "हमके पीये खातिर पानी दअ।"

उ महिला आश्चर्यचकित हो गोइली। उ कहली, "आप एगो यहूदी होके भी सामरी औरत से पीये खातिर पानी कइसे मांग सकत बानी?" ओ दिन में, यहूदी लोग सामरियन से कवनो लेन देन ना रखत रहलें!



जब यीशु ओ औरत से ई कहलें, उ ज्यादा हैरान भइली। "यदि तू हमके जनतु कि हम के हँई, तब तूं खुद हमसे जीवन क जल मंगतु।"



महिला, यीशु से कहली, "श्रीमान, आपकी पास पानी निकाले की खातिर कुछुउ नेइखे, अउर ई कुँवा बहुत गहीर बा। तअ फिर आप उ जीवन क जल कइसे निकालब? का आप हमरी पिता, याकूब से बड़ बानी, जे हमनी खातिर ई कुँवा दिहले बाड़न ...?"



यीशु ओ स्त्री से कहलें, "जे केहु भी इ पानी के पी उ फिर से पीयासल हो जायीं। लेकिन जेवन जीवन क जल हम देइब ओ से उ फिर कभी भी पीयासी नाहीं। जेवन जल हम देइब उ ओमे अनन्त जीवन की पानी क एगो सोता बन जायी।" महिला कहली, "श्रीमान, ओ जल के हमके दें देइं ..."



यीशु कहलन, जा अपनी पति के बुलाके ले आवअ। "हमार कवनो पति नेइखन," महिला जवाब दिहली। यीशु कहलें, "तूं पांच गो पति कर चुकल बाड़ू अउर जेवन अभी तोहरी संगे बाड़न उहो तोहार पति ना हउवन।"



महिला जान गोइली की यीशु एगो नबी हउवें। उ परमेश्वर क पूजा करे की बारे में बहस कइला क कोशिश कइली; ...



... परमेश्वर क पूजा यरूसलेम में करे के चाहीं या सामरीयन की 'पवित्र पर्वत पर, यीशु जबाब दिहलन की सच्चा उपासक पिता परमेश्वर क उपासना आत्मा अउर सच्चाई से करे लें।



औरत यीशु से कहली, "हम जानत बानी की मसीहा आवे वाला बाड़न" जब उ अइहन, तब उ हमनी के सब बात बतइहें। जे से तू बात करत बाड़ हम उहे हँइं, "यीशु उनके बतवलें" तभी, चेला लोग वापस आ गइलें।

स्त्री कीमती घड़ा के वहीँ छोड़ के उहाँ से अपनी शहर लौट गोइली।



"उ औरत सूखार शहर में जाके सब आदमी लोगन से बतावे लागल की आवअ ए आदमी के दे खअ जे सबकुछ हमरी बारे में हमके बता देले बाड़न, ...



... जेवन हम हमेशा कइले रहलीं हअ, ओ सब कुछ के। "का इहे मसीह हउवन का?" पुरुष लोग यीशु के देखे खातिर शहर छोड़के, निकल अइलें।



एही बीच, चेला लोग यीशु के खाना खाए खातिर कहलें। लेकिन यीशु कहलें "हमार खाना हमरी भेजे वाला क इच्छा पूरा कइल अउर उनकर काम पूरा करल हअ।" उनकर काम लोगन के परमेश्वर की पास लीयावे के रहल।



ओ स्त्री की कारन बहुतेरे लोग यीशु पर विश्वास कइलें।



उ यीशु के उनकरा साथ रहे की खातिर कहलें; अउर यीशु उहां दू दिन तक साथ रहलें।

बहुत अधिक लोग यीशु की वचन की कारन बिस्वास कइलें "उ कहलें, जइसे हमनी क



खुद ही सुननी अउर देखनी हअ जा की ई वास्तव में मसीह हउवें, अउर दुनिया क उद्धारकर्ता भी।"

# कुँवा पर क एगो औरत

पबितर बाइबिल, परमेश्वर की वचन में से ई कहानी लीहल गइल बा

यूहन्ना 4

"तोहरी बातन की खुलला से उजियार होला"
भजन संहिता 119:130

# समापन

बाइबल क इ कहानी हमनी के अपनी ओ अद्भूत परमेश्वर की बारे में बतावे ले, जे हमनी के बनवले हउवन अउर उ चाहत बाड़न कि हमनी क उनके जानी जा।

परमेश्वर जानत बाड़न कि हमनी क अइसन गुनाह कइले बनी जा जेकरा के उ पाप कहेलें। पाप क सजा मौत हअ, लेकिन परमेश्वर आपसे एतना परेम कइलन कि उ आपन एकलौता बेटा यीशु के ए दुनिया में भेजनल ताकि उ सूली पर चढ़ के हमनी की पापन क सजा भुगतें। यीशु मूवला की बाद फिर से जिन्दा हो गइलन अउर स्वर्ग में अपनी घरे चल गइलन यदि आप यीशु में विश्वास करअब अउर अपनी उनसे अपनी पापन के क्षमा मांगअब तअ उ आपकी प्रार्थना के सुनिहन उ आके आपकी अन्दर बसिहन अउर आप हमेशा खातिर उनकी संगे बनल रहअब।

यदि आपके विस्वास बा कि इ
सब कुछ सच हअ तब आप परमेश्वर से कहीं:
हे प्रिय यीशु, हमके विश्वास बा कि आप ही परमेश्वर हँई
अउर हमरी पापन की कारन आप मानुष रूप में अवतार
लिहनी, मर गइलीं अउर दुबारा जी उठलीं अउर अब जीयत
बानी। कृपा करके हमरी जिंदगी में आयीं अउर हमरी पाप
के क्षमा करीं ताकि हमके नाया जीवन मिल सके, अउर
एक दिन हम आपकी संगे हमेशा रहे खातिर आ सकीं।
आप मदद करीं कि हम पापकी बेटा की तरह रहीं
अउर आज्ञा पालन कर सकीं। आमीन।

परमेश्वर से रोज बात करे खातिर
बाइबल पढ़ीं! यूहन्ना 3:16